


Fason pou resevwa lajan ou

Gen diferan jan pou resevwa lajan. Paregzanp, si w ap travay epi touche lajan, yo kapab peye ou kach, pa chèk papye, pa depo dirèk, oswa avèk yon kat pewòl.

Chak nan fason pou resevwa lajan sa yo gen avantaj ak danje posib ladan yo, sitou nan zafè frè, sekirite, ak fasilité. Lè ou konnen jan pwodui sa yo mache, konbyen sa koute pou sèvi avèk yo, ak lè y ap fè ou peye frè anplis sa kapab ede ou pi bye pwofite lajan ou.

JEN



Kach

Definisyon	Avantaj	Danje
Kach se lajan ou gen nan men ou.	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Yo aksepte li prèske tout kote. ▪ Lè ou sèvi ak kach, ou pa kreye dét ou gen pou remèt. 	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Li difisil oswa enposib pou rejwenn lajan ou pèdi oswa yo vòlè. ▪ Li ka difisil pou suiv konbyen ou depanse. ▪ Ou pa gen prèv peman, ki ka enpòtan pou bòdwo. ▪ Gen anpil kalite bòdwo ou pa ka peye epi ou pa ka achte sou entènèt avèk kach.
Ti konsey: Evite deplase oswa kite lakay ou ak anpil kach.		

Chèk papye

Definisyon	Avantaj	Danje
Chèk salè se yon chèk yo ba ou pou salè ou.	<ul style="list-style-type: none">Ou ka depoze li nan yon kont chèk oswa epay gratis.Yon bank oswa kès epay kote ou gen kont nòmalman chanje chèk salè w lan gratis.Sa gen mwens danje pase lè w ap pote kach. Si li pèdi oswa si yo vòlè li, anplwayè ou ka anile epi re-emèt chèk la si ou rapòte sa ase rapidman.	<ul style="list-style-type: none">Si ou pa gen kont labank, ou gen dwa oblige peye pou chanje chèk salè ou yo.Si ou depoze yon chèk salè nan kont labank oswa kès epay, ou gen dwa pa ka jwenn tout lajan an touswit, e ou gen dwa gen pou peye frè dekouvè si ou wete plis lajan pase sa ou genyen nan kont ou a.

Depo dirèk: Kont chèk oswa epay

Definisyon	Avantaj	Danje
<p>Yo voye salè ou dwat nan kont labank oswa kès epay ou elektwonikman san sèvi ak chèk papye. Se pa tout anplwayè ki ofri li.</p> <p>Ti konsèy: Mande anplwayè ou kijan pou w fè aranjman pou depo dirèk.</p> <p>Nòmalman, si ou resevwa peman ou pa depo dirèk, lajan w lan disponib pou wete omwen menm lè li t ap disponib la si ou te depoze yon chèk papye, e souvan pi bonè. Nan anpil ka, lajan w lan disponib jou peman w lan.</p>	<ul style="list-style-type: none">Li redui risk pèt ak vòl, konpare ak pote kach oswa resevwa chèk.Ou gen pwoteksyon si yo pran lajan sou kont ou pa erè oswa vòl elektwonik.Lajan an nòmalman disponib pou ou touswit.Ou ka wete lajan an sou kont ou avèk kat debi, kat ATM, oswa chèk pèsonèl.Gen anpil anplwayè ki kite ou separe depo w lan ant yon kont chèk ak yon kont epay. Sa ka ede ou ekonomize.Ou pa peye frè pou depoze chèk ou a. Gen anpil bank ak kès epay ki ofri kont chèk ak epay tou san frè mansyèl lè ou tabli depo dirèk.	<ul style="list-style-type: none">Kenbe lajan ou nan yon kont labank nòmalman egzije pou w ale nan ATM, nan sikisal labank, oswa devan magazen pou wete kach lè ou bezwen kach.Ou gen dwa oblige peye frè dekouvè si ou wete plis lajan pase sa ou genyen nan kont ou a.Gen dwa gen frè si ou pa sèvi ak ATM pwòp bank oswa kèy epay pa ou.

Kat pewòl

Definisyon	Avantaj	Danje
<p>Yon kat debi peye davans anplwayè w lan fè aranjman pou li. Yo voye salè ou otomatikman sou kat pewòl ou a elektwonikman, san sèvi ak chèk papye.</p> <p>Ti konsèy: Anplwayè ou pa ka egzije pou w resevwa salè ou sou yon kat pewòl. Li dwe ba ou omwen yon lòt opsyon (li gen dwa paregzanp chèk, kach, oswa depo dirèk nan kont labank oswa kès epay ou).</p>	<ul style="list-style-type: none">Li redui risk pèt oswa vòl ou, konpare ak lè w ap pote kach oswa chèk.Ou gen pwoteksyon si yo pran lajan sou kont ou pa erè oswa vòl elektwonik.	<ul style="list-style-type: none">Gen anpil kat ki fè peye frè pou mank aktivite sou kont la, acha, utilizasyon ATM, frè mansyèl, ak plis bagay toujou.Fò w al nan ATM pou wete kach lè ou bezwen kach.Gen dwa gen frè tou si ou pa sèvi ak ATM bank oswa kès epay ki emèt kat la.Ou gen dwa pa kapab depoze lajan soti nan lòt sous sou kat la.

Kat peye davans

Definisyon	Avantaj	Danje
<p>Yo voye salè ou elektwonikman sou yon kat peye davans ou chwazi, san sèvi ak chèk papye. Ou bay anplwayè ou enfòmasyon kat la pou li ka transfere lajan sou kat la.</p>	<ul style="list-style-type: none">Sa gen dwa gen mwens danje ak plis sekirite pase pote kach oswa chèk.Si ou enskri kat ou a epi li verifye, li gen menm pwoteksyon konsomatè pase yon kont chèk oswa yon kat pewòl pou fon yo pran pa erè oswa vòl elektwonik.	<ul style="list-style-type: none">Gen anpil kat ki fè peye frè pou mank aktivite sou kont la, acha, utilizasyon ATM, frè mansyèl, ak plis bagay toujou.Si ou pa enskri kat ou a, li pa gen menm pwoteksyon konsomatè ak yon kont chèk oswa yon kat pewòl pou fon yo pran pa erè oswa vòl elektwonik.Ou gen dwa limite nan kalite tranzaksyon ou ka fè ak kat la. Paregzanp, ou gen dwa pa kapab sèvi ak kat peye davans ou a pou peye bòdwo.Fò ou ale nan ATM pou wete kach lè ou bezwen kach.

Enfòmasyon sou nou

Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè a (CFPB) se yon ajans 21yèm syèk k'ap mete sou pye ak aplike lwa federal pou pwoteksyon finansye konsomatè yo e ki garanti ke mache pwodwi finansye pou konsomatè yo jis, transparan, ak konpetitif.

Jwenn plis enfòmasyon nan

consumerfinance.gov

Pran kontak avèk nou

-  Depoze yon plent
consumerfinance.gov/complaint
-  Rakonte istwa ou
consumerfinance.gov/your-story
-  Mande CFPB
consumerfinance.gov/askcfpb
-  Di sa ou panse
facebook.com/cfpb
twitter.com/cfpb



Consumer Financial
Protection Bureau

Aprann plis nan consumerfinance.gov

4 / 4

11/2022